

Harvard Pilgrim
HealthCare

a Point³²Health company

Konekte ou ak Swen Konplè pou Tout Moun

Yon apwòch konplè pou sante mantal





Tout manm Harvard Pilgrim yo gen aksè ak yon rezon konplè doktè ak pwofesyonèl sante mantal, ansanm ak pwogram ak sèvis inovatif, pou amelyore sante fizik ak mantal yo, kit se an pèsòn oswa sou entènèt. Ekip devwe nou an ap gide w depi premye kout fil ou pase jouk nan planifikasyon swivi apre tretman, pou asire ke ou resevwa swen konplè atravè yon apwòch ki konsidere tout bezwen w.

Si w ap fè fas ak yon kriz oswa yon ijans, ou dwe toujou rele 911 oswa ale lapoula nan sant ijans ki pi pre a.

Manm yo ka gen pou peye yon pati nan pri pwogram ki nan bwochi sa a. Manm yo dwe gade dokiman plan yo pou jwenn detay espesifik sou kouvèti ak benefis yo. Harvard Pilgrim, yon konpayi Point32Health, respekte lwa federal sou dwa sivil yo epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap oswa séks. Por servicio de traducción gratuito en español, llame al número de su tarjeta de miembro. 若需免費的中文版本，請撥打ID卡上的電話號碼。



Sèvis pou ede w jwenn swen sante mantal

Navigatè Sèvis nou yo, ki resevwa fòmasyon espesyal, bay èd pèsonalize pou jwenn ak jwenn aksè a swen ki bon pou ou ak moun ki sou kont ou yo. Yo ka ede w:

- Navige nan sistèm swen sante konplike a atravè entèraksyon pèsonalize ki amelyore
- Konekte ak sipò ak pwogram Harvard Pilgrim yo, tankou manadjè swen yo
- Jwenn doktè epi pran randevou pou swen sante mantal nan bon moman
- Aprann plis sou zouti ak sèvis modèn nou ofri pou sipòte bezwen ou yo



Pwogram Jesyon Swen Medikal

Manadjè swen sante nou yo ki gen lisans epi ki byen fòme gen anpil eksperyans. Y ap travay avèk ou ak rezo founisè nou yo pou ede w jere pwoblèm sante fizik ak mantal ou, kreye yon plan swivi, epi konekte w ak divès resous pou asire w gen pi bon sante posib.

Kowòdinasyon Swen ede w jwenn sèvis pou manm ki gen plizyè pwoblèm sante fizik ak/oswa pwoblèm sante mantal an menm tan.

Swen Konplèks la vize pou ede gramoun ak timoun ki gen gwo bezwen imeda rive jwenn pi bon sante posib. Nou fè sa atravè yon evalyasyon konplè epi nou kreye yon plan swen ki baze sou priyorite manm nan oswa responsab li.

Pwogram Rekiperasyon pou Dwòg ak Alkòl ofri enfòmasyon sou plan rekiperasyon pèsonalize ak pwogram tretman pou manm k ap fè efò pou soti anba pwoblèm dwòg ak alkòl epi ki te fèk resevwa tretman lopital pou pwoblèm sa yo.


Tranzisyon pou Lakay (Transition to Home) ofri resous pou plan swen apre tretman pou ede manm ki fèk soti lopital epi ki bezwen èd pou retounen lakay yo.

Pwogram pou Evite Retounen nan Sèvis Ijans la ofri sipò ak èd pou manm ki te fèk ale nan sèvis ijans la pou pwoblèm sante fizik oswa mantal.

Swen Sipò yo fèt pou ede ni granmoun ni timoun reyalize objektif sante yo. Pwogram sa a disponib pou moun ki manm ki pa bezwen gwo swen medikal konplike, epi ki te ka jwenn lòt tretman deja, tankou nan sal dijans lan. Manadjè swen nou yo bay plis sipò pou moun ki bezwen èd anplis pou yon pi long peryòd tan. Yo travay tou ansanm ak ekip sante mantal nou an pou bay swen konplè pou manm ki gen bezwen medikal ak bezwen sante mantal.

Pwogram apre soti lopital la fèt pou sipòte manm ki fèk soti nan swen entansif pou bezwen sante mantal yo. Manadjè swen nou yo travay pou asire yo satisfè tout bezwen swivi yo epi yo idantifye nenpòt risk ki ka fè moun nan retounen lopital la, pou pèmèt yon bon tranzisyon pou retounen nan kominate a.

Sipò Kanmarad bay manm yo aksè ak resous nan kominate a epi yo jwenn sipò nan men yon espesyalis ki te viv menm pwoblèm sante mantal yo tou. Nou ofri tou yon pwogram sipò ant kamarad pou manm ki nan pwogram retablisman Dwòg ak Alkòl nou an.





Pwogram ak Sèvis Sante Mantal

Harvard Pilgrim ofri pwogram ak sèvis sante mantal ki modèn pou timoun, jèn ak granmoun. Pwogram sa yo fèt pou bay swen pèsonèl epi efikas, ak yon objektif pou rann swen yo pi fasil pou jwenn epi amelyore rezulta sante yo.



Sèvis Terapi sou Entènèt

Disponib sèt jou sou sèt pou sipòte sante mantal ou ak byennèt ou. Sèvis nou yo gen ladan plizyè pwogram tankou AbleTo (yon pwogram sipò), Doktè sou Demann, Grow Therapy (pwogram terapi), ak Valera Health (swen sante)¹ epi nou ofri ankadreman pwofesyonèl, terapi pale, jesyon medikaman ak lòt sèvis ankò.

AbleTo Èske w bezwen èd pou jere estrès, chanje move abitid, amelyore imè w oswa byen jere tan w? Manm Harvard Pilgrim yo gen aksè ak sèvis sipò sante mantal nan men AbleTo. Pwogram sa yo vize konbine zouti pou pran swen tèt ou poukонт ou ak sesyon terapi pèsonalize sou entènèt, pou ede w jwenn aksè a plizyè chwa - soti nan teknik pou ranfòse rezistans mantal ou jiska koneksyon ak terapis pwofesyonèl AbleTo pou jwenn konsèy ak sipò.

Ale sou ableto.com/harvardpilgrim pou kòmanse

Doktè sou Demann ki gen lisans yo ka ede ou menm ak moun ki sou kont ou pou pwoblèm tankou anksyete, depresyon, twoub afektif sezonye, jesyon medikaman oswa twoub estrès apre chòk (Post-traumatic stress disorder, PTSD) atravè vizit pa video oswa telefòn. Yo konfime randevou yo nan mwens pase 72 èdtan.

Mete kont ou sou doctorondemand.com/harvard-pilgrim

Valera Health bay sèvis terapi ak sikiyatri sou entènèt pou granmoun, timoun ki gen 6 lane oswa plis, ak jèn nan eta Massachusetts. Soti nan depresyon lejè rive nan eskizofreni grav, doktè espesyalis yo travay ansanm, ak yon apwòch ki konsantre sou bezwen ou ak byennèt ou an jeneral.

Pran yon randevou konsiltasyon ak yon konseye Valera Health sou valerahealth.com/consult

Grow Therapy bay terapi ak jesyon medikaman sou entènèt ak an pèsòn pou diferan kalite bezwen sante mantal. Pwogram sa a ede asire swen rapid epi pèsonalize pou manm ki gen laj 6 lane oswa plis.

Kòmanse sou growtherapy.com



Aksè rapid ak fasil pou jwenn doktè espesyalis yo

Corticacare se yon sèvis pou timoun otis ki dirije pa doktè nan Massachusetts ki ofri terapi newolojik avanse pou timoun ki gen otis ak lòt diferans nan devlopman yo. Yo bay yon modèl swen konplè pou timoun ki mete ansanm tout sèvis yo - sa gen ladan evalyasyon dyagnostik, swen medikal, analiz konpòtman, terapi okipasyonèl, terapi langaj, ankadreman pou kapasite sosyal ak konsèy - tout bagay sa yo nan menm kote a.

Fanmi ki enterese resevwa sèvis yo ka vizite corticacare.com pou pran yon randevou oswa rele 888-885-5068

Autism Care Partners² ofri yon seri konplè sèvis ak terapi nan rejyon Nòdès² la pou timoun ki gen otis ak lòt diferans nan devlopman yo. Fason yo travay ansanm lan ede asire swen ki bon epi efikas selon bezwen chak timoun.

Kòmanse sou autismcarepartners.com

Northeast Health Services¹ se yon rezo klinik sante mantal ki pa bezwen lopital ki konsantre sou bay aksè rapid a sèvis psikyatri ak terapi ki gen bon kalite pou granmoun, timoun ak adolesan nan Massachusetts. Rezo a ofri sèvis ni fas-a-fas ni atravè telefòn/entènèt pou pi byen satisfè bezwen ou yo.

Pran yon randevou sou sit entènèt nehs.transformationsnetwork.com



Tretman pou Pwoblèm Dwòg ak Alkòl

Disponib atravè plizyè founisè sèvis sante, tankou Spectrum Health Systems.¹ Manm yo jwenn sipò apre tretman yo te resevwa nan lopital la, grasa Ekip Jesyon Swen pou Retablisman kont Adiksyon nou an.

Spectrum Health Systems se yon òganizasyon san bi likratif ki devwe pou amelyore lavi moun ki afekte pa pwoblèm dwòg, depandans ak opyoyid, ak/oswa pwoblèm sante mantal. Yo ofri plizyè kalite tretman ki pwouve yo bay bon rezulta, tankou dezentoksikasyon nan lopital, tretman kote pasyan rete nan sant la, medikaman pou pwoblèm dwòg ak alkòl, konsiltasyon san entène, ak sipò ant moun ki gen menm pwoblèm.

Pou plis enfòmasyon, vizite spectrumhealthsystems.org

Better Life Partners³ bay swen sante konplè, avèk yon entegrasyon swen medikal jeneral ak swen sante mantal, manm yo ka vrèman konsantre sou tout aspè gerizon yo, soti nan byennèt medikal ak emosyonèl rive nan pwoblèm adiksyon. Relasyon sere nou genyen ak òganizasyon kominotè lokal yo bay manm yo plis sipò toujou. Manm yo gen aksè ak yon ekip sipò konplè ki gen ekspè medikal ak doktè espesyalis k ap ofri avantaj enpòtan tankou:

- **Soulajman Rapid pou Sevraj:** Jwenn rapid tretman ak medikaman pou ede w
- **Terapi Fleksib:** Ou ka chwazi ant sesyon an gwoup oswa sesyon endividiyèl
- **Konsèy Espesyalis:** Sesyon chak semèn ak lè ou bezwen ak konseye ki byen fòme
- **Swen Sante Konplè:** Opsyon pou swen medikal debaz swa an pèsòn oswa atravè entènèt
- **Kominikasyon Fasil:** Ou ka jwenn nou pa telefòn, imèl oswa mesaj tèks
- **Resous Kominotè:** Koneksyon ak sèvis lokal ki adapte ak bezwen espesyal ou yo
- **Swivi Pwogrè:** Evalyasyon regilye ak byen òganize

Pou plis enfòmasyon, ale sou betterlifepartners.com

Ekip Jesyon Swen pou Rekiperasyon Dwòg ak Alkòl nou an ofri enfòmasyon ak sipò sou plan rekiperasyon pèsonalize ak pwogram tretman pou manm k ap fè efò pou soti nan pwoblèm dwòg ak alkòl epi ki fèk resevwa tretman nan lopital pou pwoblèm sa yo.

¹ Sèvis Valera Health, founisè Cortica yo, Spectrum Health Systems ak Northeast Health Services yo disponib sèlman nan eta Massachusetts. Sèvis Grow Therapy yo disponib toupatou nan peyi a. Nou pral ajoute sèvis yo nan Rhode Island byento.

² Sèvis Patnè Swen Otis yo disponib nan eta Massachusetts, New Hampshire, Rhode Island, Connecticut, New York, ak Vermont.

³ Sèvis Better Life Partners yo disponib nan eta Massachusetts, New Hampshire, Maine ak Vermont.

Nou travay pou nou bay swen konplè ak byen òganize, pou sipòte ou menm ak fanmi ou rive jwenn pi bon sante ak byennèt posib atravè yon eksperyans ki fasil, ki estab epi ki gen anpil konpreyansyon. Pwogram nou yo montre angajman nou pou tout moun jwenn menm kalite swen sante, nan retire tout baryè ki anpeche moun jwenn swen epi asire tout moun gen aksè ak bon jan swen yo merite.



Rele nou sèlman, n ap la pou ede w

Pou jwenn asistans pou aksede pwogram ak sèvis sa yo, tanpri rele nimewo ki dèyè kat mamm ou an.



a **Point32Health** company